# ¿Kijan yo fe yon tretman tibekiloz nan poumon?

Se yon ansanm de medikaman ke moun ki malad la pran pandan yon peryod de 6 mwa pou elimine basil de kock yo.



**6 mwa**

Tretman **sa a totalman gratis.**

# ¿Kiiyes ki ka atrape maladi sa a pi fasil?

**Kontak:**
Sila yo kap viva avek yon moun ki gen maladi tibekiloz nan poumon epi ki pa an tretman.

Sila yo ki genyen lot maladi tankou:

- Dyabet
- Alkolis (lagwadjenn)
- Dwog
- Malnitrisyon
- Sida

## ¡Ansanm nap detwi tibekiloz!

RELE "SALUD RESPONDE"
NAN NIMEWO SA A
LLAME A SALUD RESPONDE
**600·360·7777**
PWOFESYONEL SANTE YO AP REPONN KESYON OU YO NAN NENPOT LE OU TA RELE A (TOUT JOU NAN SEMEN NAN E 24/24).

Servicio de Salud Metropolitano Norte
Región Metropolitana
Ministerio de Salud

@SSMNorte · Salud Norte · SaludNorte · Salud Norte

www.ssmn.cl

TODOS POR CHILE

Servicio de Salud Metropolitano Sur Oriente
Región Metropolitana
Ministerio de Salud

# ¿Kisak Tibekiloz la?



## Chili kapab ELIMINE TIBEKILOZ

RELE "SALUD RESPONDE"
LLAME A SALUD RESPONDE
**600·360·7777**
PWOFESYONEL SANTE YO AP REPONN KESYON OU YO NAN NENPOT LE OU TA RELE A (TOUT JOU NAN SEMEN NAN E 24/24).

# ¿Kisa ki Tibekiloz la?

- Se yon maladi kontajyez ki pran nesans pa yon mikwob ki rele Basil de kock.
- Nenpot moun ka atrapel (fi oubyen gason ki gen nenpot laj).
- Tibekiloz kip a trete a touye mwatye nan moun ki atrapel yo nan 2 an. Lot mwatye a rete ak plizye tip de pwo-blem nan poumon li.





## ¿Koman maladi sa a transmet (koman yon moun ka bay yon lot li?)

Le moun ki malady o touse, estene, wonfle nan domi, le yo pale, chante oubyen krache. Yo voye boulet ki gen mikwob la ladann (Basil).

TODOS POR CHILE

Servicio de Salud Metropolitano Norte
Región Metropolitana
Ministerio de Salud

## ¿Ki sin ki ka few santiw gen maladi tibekiloz?

**LEW GEN YON YON TOUS KI DIRE PLIS KE 15 JOU.**

Li kapab vini sou fom sa yo tou:

- Ko kraze ( fatig tout tan).
- Bouch pa gou (lew pa gen apeti).
- Fyev chak apremidi.
- Ou vin piti ( ou chech).
- Wap swe chak swa.



## ¿Komanw ka dekouvri kew gen tibekiloz?

Fe yon egzamen ki rele
Basilokopi (Baciloscopia)

**AL NAN SANT SANTE KI PI PREW LA**

li gratis